



Pou Piblikasyon Imedya: 18/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 3 MILYON DOLA NAN FON POU REKIPERASYON
KI DISPONIB POU PWOPRIYETÈ KAY YO NAN KONTE ORANGE**

*Aprè inondasyon istorik, Gouvènè a anonse pwopriyetè kay ki elijib yo ka
resevwa jiska 50,000 dola pou reparasyon enpòtan yo*

*Gouvènè a te aplike pou Deklarasyon nan kad Gwo Katastwòf FEMA apre plis
pase 50 milyon dola nan domaj*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo pral mete jiska 3 milyon dola nan finansman disponib pou pwopriyetè kay ki elijib yo nan Konte Orange ki te afekte pa inondasyon ke lapli istorik resan yo te lakoz Finansman Eta sa yo pral bay sibvansyon pou reparasyon ijans jiska 50,000 dola pou reparasyon kay enpòtan pou pwopriyetè kay ki te sibi domaj nan rezidans prensipal yo pandan evènman inondasyon milènè semèn pase a.

"Alaswit katastwòf istorik ki te frape Konte Orange lan, mwen pran angajman pou m sipòte kominote sa a nan chak etap sou wout la", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Pèsonèl Eta a ap travay 24 sou 24 pou ede Konte Orange rekonstwi ak rekipere, depi nan repare wout ak pon yo rive nan ede pwopriyetè kay yo ak inisyativ sa a. Pa twonpe tèt ou: evènman move tan ekstrèm sa yo se nouvo nòmal nou an, epi New York ap toujou pare pou sa k ap vini sou wout nou."

Fon sibvansyon ijans yo anonse jodi a kouvri dega ki rive nan yon rezidans prensipal pou mèt kay ki respekte kondisyon revni pwogram nan. Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la pral sipèvize pwogram nan ki pral gen kòm administratè Kòporasyon Konsiltatif pou Devloman Rural (Rural Development Advisory Corporation, RDAC), ki se yon òganizasyon san bi likratif ki baze nan Konte Orange ak yon filyal RUPCO Inc.

Mèt kay yo kapab fè demann pou resevwa fon pou kouvri depans pou reparasyon dijans ki nesesè yo pou mete kay yo nan kondisyon san danje pou yo ka rete ladan yo. Travay elijib yo ka gen ladan reparasyon oswa ranplasman sistèm elektrik ak plonbri, sistèm ak aparèy chofaj, planche, klwazon sèch, izolasyon, fenèt, pòt, revètman lateral, ak twati. Yon lis konplè reparasyon ki kalifye pral ap disponib sou sitwèb RUPCO a.

Yo pral bay sibvansyon jiska 50,000 dola baze sou nivo travay ke RDAC apwouve. Aplikan yo dwe pwopriyetè kay ke rezidans prensipal yo nan Konte Orange epi ki gen revni ki pi ba oswa ki nan 80 pousan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) nan.

Pwopriyetè kay ki elijib yo ka aplike pou finansman nan www.rupco.org, oswa rele nan (845) 713-4568 ekstansyon 114 pou plis enfòmasyon

Pandan inondasyon an, Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) te aktive Sant Operasyon Ijans Eta (State Emergency Operations Center, SEOC) ak Sant Operasyon Ponpye (Fire Operations Center, FOC) a. DHSES gen anplwaye sou teren ki entegre Sant Operasyon Ijans Konte Orange lan ak Sant Operasyon Ijans Konte Ontario a. Eta a te deplwaye yon total senk ekip sovtaj rapid nan dlo ki gen ladan Ponpye Eta a, Polis Eta a ak pèsonèl Pak Eta yo, ansanm ak veyikil ki gen esye elve nan rejyon Mid-Hudson ak Finger Lakes la. Apre inondasyon an, Gouvènè a te mande yon Deklarasyon pou Gwo Katastwòf nan men gouvènman federal la. DHSES kontinye travay ak lidè konte yo pou fè evalyasyon domaj ak dokiman ki nesèsè pou jwenn asistans federal adisyonèl. Depatman Sèvis Finansye yo te voye anplwaye tou nan konte Orange ak Rockland pou bay asistans asirans pou rezidan ki te afekte pa dènye inondasyon an.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare Eta New York gen chans genyen yon lidè tankou Gouvènè Hochul ki konprann batay kont chanjman klimatik la mande estrateji alontèm ak kapasite pou pran aksyon imedya lè Manman Lanati ap frape kominote yo. Finansman yo anonse jodi a pral jwe yon wòl enpòtan nan asire pwopriyetè kay yo nan Konte Orange gen resous yo bezwen pou rebati lavi yo. Nou remèsye Kòporasyon Konsiltatif pou Devloman Riral la pou patenarya kontinyèl yo epi paske yo pare pou ede fanmi ki afekte anpil nan evènman move tan san parèy sa yo."

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "Inondasyon ak devastasyon semèn pase a te pami pi move moman lès Konte Orange te wè, epi mandèvolontè ak resous ke yo bay yo k ap sikile nan kominote nou yo te ekstrèmman ankourajan, men nou konnen gen plis bagay ki bezwen fèt pou adrese pèt ekstrèm pwopriyete pèsonèl anpil moun te fè fas. Mwen bat bravo pou efò Gouvènè a fè pou jwenn finansman ijans nan men pwopriyetè kay lokal ki pi bezwen li, epi mwen sipliye FEMA paske li rekonèt volim pèt kominote nou yo te fè fas ak li epi bay yon Deklarasyon pou Gwo Katastwòf imedyatman."

Manm Asanble Chris Eachus, te deklare, "Tanpèt sa a ki rive yon fwa sou mil ane sa a te lakòz gwo domaj nan kominote yo nan distri mwen an. Li enpòtan kounye a plis pase anvan pou nou travay ansanm kòm yon eta pou ede moun ki gen pi gwo bezwen yo, finansyèman, fizikman ak emosyonèlman. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou deblokaj finansman enpòtan sa a ki pral fè yon gwo enpak nan efò sekou nou yo, epi dirèkteman ede elektè m yo rebati lavi yo pi fò pase anvan."

Kad Egzekitif Konte Orange, Steven M. Neuhaus, te deklare, "Finansman sa a pral trè benefik pou fanmi ki afekte yo nan Konte Orange. Mwen apresye Gouvènè Hochul ki sou teren an isit la avèk nou epi ki bay asistans enpòtan sa a. Nou pral kontinye ankouraje gouvènman federal la pou l bay finansman ki nesèsè pou rebati totalman pi fò."

Direktè Egzekitif Kòporasyon Konsiltatif pou Devlopman Riral Konte Orange Ian, Faith Moore te deklare, "Nou rekonesan anpil anvè Gouvènè Hochul ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta New York la pou kontribisyon jenere 3 milyon dola pa yo. Finansman sa a pral pèmèt nou sipòte pwopriyetè kay ki afekte nan inondasyon devastè ki sot pase a. Nou pa ka tann pou nou ede moun ak fanmi yo rebati lavi yo ak kominote yo, epi sibvansyon sa a pral gen yon enpak siyifikativ pou reyalize objektif sa a. Ekip RDAC ak RUPCO ap kolabore aktivman ak otorite lokal yo, patnè kominotè yo, ak moun ki gen enterè yo pou idantifye pwopriyetè kay ki elijib yo epi kòmanse pwosesis aplikasyon sibvansyon an."

Kevin O'Connor, Direktè Egzekitif Jeneral RUPCO Inc., te deklare, Nou kontan pou nou kapab ede Eta New York reponn ak domaj terib ki te koze pa inondasyon ki sot pase a nan kèk pati nan Konte Orange. RDAC ki se afilye nou an ka sou tèren ak pwopriyetè kay ki afekte yo, ki gen eksperyans nan reparasyon kay ak nan administrè finansman sekou pou katastwòf. Tan esansyèl, epi nou gen entansyon bay finansman sa yo byen vit pou ede moun retabli kay yo epi reprann estabilite lavi yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418